

Gid Referans Rapid

Resous Sante Enpòtan pou Evènman Espesyal Ete sa a

Filadèlfi ap òganize plizyè evènman espesyal ete sa a, tankou Mondyal FIFA a, America250, ak MLB All-Star Game a. Evènman sa yo pral mennen plis vizitè nan vil nou an, sa ki ka ogmante chans pou moun tonbe malad oswa blese.

Depatman Sante a devlope dokiman sa a pou ede rezidan ak vizitè yo rete an sekirite, an sante, epi chèche swen pandan ete sa a nan Filadèlfi.

Resous sou Preparasyon



Pwoteje Tèt Ou epi ak Lòt Moun

- Lave men w souvan epi byen lave yo.
- Pa ale nan evènman yo si ou pa santi w byen.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak lè w ap estènen.
- Pwoteje tèt ou kont moustik ak tik.



Rete Fre pandan Gwo Chalè yo

- Bwè dlo epi rete idrate.
- Mete rad ki lejè, koulè klè, ki lach.
- Chèche fason pou rete fre, anndan kou deyò kay la.
- Jwenn plis ti konsèy sou sekirite pandan chalè nan phila.gov/heat .



Rete Enfòmè sou Kalite Lè a

- Jou ki gen move kalite lè yo ra nan Filadèlfi, men yo rive kanmenm.
- Tcheke kalite lè nan zòn ou an nan tan reyèl nan phila.gov/breathephilly.
- Limite tan ou pase deyò nan jou lè kalite lè a pa bon yo.



Kilè, Ki Kote, ak Kijan pou Chèche Swen

- Chèche swen medikal lè ou bezwen l lan.
- Si w ap fè fas ak yon ijans medikal, rele 911.
- Ale nan yon sant pou swen rapid pou kesyon ki pa ijan yo. Rele davans pou konfime lè ouvèti ak disponiblite yo.
- Ale nan yon famasi pou jwenn medikaman san preskripsyon.

Resous Enpòtan ak Nimewo Telefòn

Lokal sou Swen Rapid yo nan Sant Vil la

Concentra Urgent Care | 219 N Broad St | (215) 762-8525
Jefferson Urgent Care | 2021 Chestnut St | (267) 443-2020
myDoc Urgent Care | 1420 Locust St | (215) 800-1909
Vybe Urgent Care | 618 Market St | (215) 583-0618
Vybe Urgent Care | 1420 Chestnut St | (215) 999-1420

Lokal pou Swen Rapid Yo Tou Pre Lincoln Financial Field

AFC Urgent Care | 1444 W Passyunk Ave | (215) 964-9250
Vybe Urgent Care | 1217 S Broad St | (215) 999-1217

Lokal Swen Rapid Yo Tou Pre Lemon Hill / Fan Festival

Everest Urgent Care | 2077 Ridge Ave | (267) 817-9800
myDoc Urgent Care | 1501 N Broad St | (267) 457-5553
Vybe Urgent Care | 1500 Spring Garden St | (267) 768-8288

Lòt Sèvis Sante (tankou, Swen Prensipal, Tès pou MST/VIH)



**PRIMARY
CARE
FINDER**

Pou rezidan Filadèlfi yo sèlman:

Jwenn swen medikal gratis oswa nan pri abòdab avèk Primary Care Finder Vil Filadèlfi a nan: www.phila.gov/primary-care.



Jwenn tout sa ou bezwen pou pran swen sante seksyèl ou gratis, kèlkeswa kote ou pi alèz pou fè sa, nan phillykeeponloving.com.



Sèvis Ijans (24/7)

Pou **ijans medikal yo**, rele 911.



Pou **kontwòl pwazon**, rele 1-800-222-1222.



Pou **sipò pou sante mantal**, rele oswa voye yon mesaj tèks bay 988.



Sèvis ki Pa Ijans Yo

Nou la pou soutni w epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

311

Louvri Lendi-Vandredi soti 8am to 8pm, **Filadèlfi311** se sant sèvis kliyan Filadèlfi a pou pwoblèm ki pa ijans yo.

215-685-5488

Pou kesyon espesifik sou sante, kontakte Sant Apèl PDPH la. Peze 2 pou Espanyòl epi 3 pou entèpretasyon nan yon lòt lang.

Resous Vil la pou Evènman Espesyal nan Ete 2026 la

Jwenn enfòmasyon ofisyèl sou Mondyal FIFA a ak resous pou fè vizit ou a an sekirite epi memorab.



WhatsApp:

FIFA 2026 Philadelphia
Biwo Jesyon Ijans Filadèlfi



Instagram:

Vil Filadèlfi a (@cityofphiladelphia)
Biwo Evènman Espesyal Filadèlfi a (@phillymdoevents)



Facebook:

Biwo Jesyon Ijans Filadèlfi (@PhilaOEM)



2026 Access Philly: Apple App Store ak Google Play Aplikasyon sa a pou jwenn evènman yo ap kenbe w konekte ak tout sa k ap pase nan Filadèlfi an 2026.



ReadyPhiladelphia: Voye CupPHL pa mesaj tèks nan 888-777 Resevwa notifikasyon gratis nan men Vil la sou gwo move tan, transpò piblik ak vwayaj, enfòmasyon ijans, ak plis toujou.

Remak: Aparèy yo dwe anrejistre sou yon nimewo telefòn Etazini pou resevwa notifikasyon pa mesaj tèks.



Sant Resous Filadèlfi 2026: Vil la te kreye resous sa a pou asire rezidan yo, biznis yo, ak vizitè yo prepare pou fè eksperyans evènman espesyal Filadèlfi yo an 2026 epi selebre 250yèm anivèsè Amerik la.

